

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mangrupa wadah kabudayaan, tapi ogé, kabudayaan ngawengku sajumlah unsur, nu salasihijina nya éta basa. Salaku wadah kabudayaan, basa mangrupa tata lambang atawa sistim simbol. Di hiji pihak manusa nya éta jalma nu nyiptakeun kabudayaan, di pihak séjénna kabudayaan nu “nyiptakeun” manusa luyu jeung kahirupan lingkunganana. Ku kituna, dalit pisan hubunganana antara manusa jeung kabudayaan.

Basa mangrupa hasil tina kabudayaan nu bisa ngagambarkeun kabudayaan masarakatna. Kabeungharan jeung kahasan tina kabudayaan bakal ébréh dina wujud léksikon. Ku sabab kitu, léksikon basa bisa mencerminkan masarakatna. Basa ogé mangrupa produk kamékaran budaya nu miboga kakuatan jeung kaunikan nu diwujudkeun dina léksikon.

Basa mangrupa produk kamekaran budaya nu miboga kakuatan jeung kaunikan nu diwujudkeun dina wangun léksikon. jaman kiwari geus poho kana ngaran rupa-rupa kandaga kecap, sabab geus jarang dipaké. Saperti pakakas rumah tangga, pakasaban, alat-alat téknologi jaman baheula, jsb. Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep bisa dipaké bahan pangajaran dina ngawanohkeun léksikon budaya Sunda.

Aspék budaya nu dimaksud dina pedaran di luhur téh nya éta tujuh unsur kabudayaan nurutkeun Koentjaraningrat (1980, kc. 217) nu nyebutkeun yén unsur-unsur kabudayaan téh nya éta (1) sistem pakasaban, (2) organisasi sosial, (3) sistem élmu pangaweruh, (4) sistem téhnologi, (5) basa, (6) sistem kasenian, jeung, (7) réligi atawa kapercayaan. Hubungan antara basa jeung budaya mangrupa topik nu ngirut pikeun ditalungtik.

Salah sahiji bukti kabeungharan budaya masarakat Sunda nu mibanda tujuh unsur kabudayaan téh nya éta aya dina wangun babasan jeung paribasa. Babasan mangrupa salah sahiji sélér tina pakeman basa nu nyampak dina saban basa. Munculna paribasa dina basa Sunda, salah sahijina diakibatkeun ku sipat umum urang Sunda anu tara wani nyarita langsung kana tujuan utamana (ceplak pahang). Hartina, lamun aya teu kapanuju atawa aya kahayang téh tara langsung diutarakeun sajalantrahna, tapi sok dibalibirkeun ngaliwatan paribasa. Maksudna mah ngaragangan sangkan jalma nu lian nu diajak nyarita atawa ngomong nu ditepikeun téh henteu nyentug teuing kana haténa (Sudaryat, 2003, kc. 92). Babasan jeung paribasa téh kaasup kana folklor lisan. Salaku bagéan tina folklor, babasan jeung paribasa Sunda téh raket pisan patalina jeung budaya sarta manusa (masarakat).

Babasan jeung paribasa Sunda dijadikeun cecekelan hirup lantaran ngandung ajén-inajén kahirupan manusa saperti panyaram lampah salah, atawa panjurung laku hadé anu kacida pentingna pikeun kahirupan manusa. Jadi, babasan jeung paribasa Sunda téh kalintang pentingna. Lian ti éta ogé, babasan jeung paribasa Sunda salaku bagian tina kabeungharan basa Sunda anu kudu jaga jeung dijadikeun pieunteungeun picontoeun dina kahirupan masyarakat Sunda lianna.

Dina Basa Indonesia babasan jeung paribasa sok disebut ogé *peribahasa*, *pepatah* atawa ungkapan, salaku gaganti kecap idiom. Babasan jeung paribasa minangka warisan para karuhun urang Sunda, anu masih hirup keneh di jaman kiwari anu mangrupa budaya koléktif anu sumebarna sacara lisan, warisan para karuhun anu susunan basa katut hartina henteu robah nepi ka kiwari. Minangka kamonésan basa. Babasan jeung paribasa téh loba pisan patalina jeung kahirupan di sabundeureun urang, contona waé nya éta patalina jeung ngaran-ngaran pakakas, rupa-rupa pakasaban urang Sunda, ngaran tutuwuhan, kasenian, ngaran patali jeung élmu pangaweu, patali jeung ngaran laku lampah anu aya patalina jeung tani, seni, basa, sistem pangaweruh jeung sajabanna. Jembarna fungsi babasan jeung paribasa Sunda hususna dina kahirupan masarakat ngirut ka pisan

para panalungtik pikeun ngulik babasan jeung paribasa tina sababaraha puseur panitén.

Satuluyna, panalungtikan-panalungtikan perkara babasan jeung paribasa Sunda anu hubunganana jeung aspék tatakrama, ajén sosial, ajén moral, aspék lingkungan, jeung étika kungsi muncul dina wangun skripsi jeung tésis. Panalungtikan anu nalungtik dina segi antropologi ogé kungsi aya dina wangun skripsi ku Novianti (2012) nu judulna “Babasan jeung Paribasa Sunda (Tilikan Linguistik Antropologi), tapi panalungtikan samemehna mah ukur ngaguar hiji aspék dina tujuh unsur kabudayaan nya éta sistem pakasaban jeung pakakas dina pakasaban nu aya dina babasan jeung paribasa Sunda. Dina éta panalungtikan perkara wangun basa nu aya dina babasan jeung paribasana can kungsi kaguar. Nu ngaguar perkara léksikon tujuh unsur kabudayaan nu aya dina babasan jeung paribasa Sunda, analisis wangun kecap, jeung analisis harti kecap unsur budayana can kungsi aya nu nalungtik. Ku sabab kitu, panalungtikan anu judulna ”Léksikon Budaya dina Babasan jeung Paribasa Sunda (Tilikan Antropolinguistik)” dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang di luhur, aya sababaraha masalah nu perlu dirumuskeun patali jeung ieu panalungtikan. Éta rumusan masalah téh ditepikeun dina wangun pananya ieu di handap.

- a. Léksikon budaya naon waé nu aya dina babasan jeung paribasa Sunda?
- b. Kumaha wanda unsur budaya nu ébreh dina léksikon nu aya dina babasan jeung paribasa Sunda
- c. Kumaha wangun léksikon unsur budaya nu aya dina babasan jeung paribasa sunda?
- d. Kumaha harti léksikon unsur budaya dina babasan jeung paribasa Sunda?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana masalah anu geus dirumuskeun di luhur, ieu panalungtikan boga dua tujuan nya éta tujuan umum jeung tujuan husus, sakumaha anu dipedar di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung masalah anu dipedar di luhur, tujuan umum dina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun léksikon unsur budaya nu aya dina babasan jeung paribasa Sunda.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun,

- a. léksikon unsur budaya dina babasan jeung paribasa Sunda;
- b. wanda unsur budaya dina babasan jeung paribasa Sunda;
- c. wangun léksikon unsur budaya dina babasan jeung paribasa Sunda; jeung
- d. harti léksikon unsur budaya dina babasan jeung jeung paribasa Sunda.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sakumaha anu dipedar ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat anu dipiharep sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan jeung ngeuyeuban leuwih jéro élmu pangaweruh ngeunaan léksikon sarta unsur budaya nu aya dina babasan jeung paribasa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis anu dipiharep tina ieu panalungtikan nya éta :

- 1) Pikeun panalungtik

Dipiharep bisa jadi pangrojong keur nulis jeung nyusun deui karya ilmiah.

2) Pikeun nu maca

Dipiharep bisa nambahan pangdeudeul ngeunaan basa Sunda hususna dina widang basa, sarta mikaweuruh ngeunaan léksikon sarta unsur budaya nu aya dina babasan jeung paribasa Sunda.

3) Pikeun pangajaran

Dipiharep bisa dijadikeun référénsi atawa sumber bahan ajar keur guru jeung siswa dina pangajaran basa Sunda.

1.5 Rangkay Tulisan

Hasil panalungtikan disusun dina karya tulis anu ngawengku lima bab, anu rangkay tulisanana saperti ieu di handap.

Dina Bab I Bubuka, didéskripsikeun bubuka anu ngawengku kasang tukang tina masalah anu ditalungtik, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan (anu ngawéku tujuan umum jeung tujuan husus), jeung mangpaat panalungtikan (anu ngawéngku mangpaat praktis jeung mangpaat tioritis).

Dina Bab II Tatapakan Tioritis, didéskripsikeun rupaning ulikan tiori, panalungtikan saméméhna sarta kalungguhan tioritis (anu ngawengku raraga mikir).

Dina Bab III Métode Panalungtikan, didéskripsikeun ngeunaan desain panalungtikan (anu ngawengku pamarekan, métode jeung alur panalungtikan), sumber data anu digunakeun dina panalungtikan nya éta kajian pustaka anu dikumpulkeun ngaliwatan kartu data, téhnik, jeung léngkah-léngkahna, sarta analisis data (anu ngawengku téhnik jeung léngkah-léngkahna).

Dina Bab IV Timuan jeung Pedaran, didéskripsikeun ngeunaan timuan jeung hasil analisis data panalungtikan sarta pedaran eusi panalungtikan.

Dina Bab V Kacindekan jeung Saran, didéskripsikeun ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran hasil panalungtikan.